



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL DEVWALE YON NOUVO RAPÒ SOU DIFERANS SALÈ ANT SÈKS POU REKONÈT JOUNEN EGALITE NAN SALÈ A

*Rapò a revele ke New York se yon lidè nasyonal nan konble diferans salè ant sèks, sa gen ladan rekòmandasyon politik yo pou diminye plis diferans salè a*

*Baze sou angajman Gouvènè a pou fè avanse ekite ant sèks nan mendèv New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon yon nouvo [rapò](#) Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la sou diferans salè ant sèks yo nan Eta a. Nouvo rapò sa a revize konklizyon etid DOL 2018 la sou pwoblèm nan, pandan l ap egzamine tou enpak pandemi COVID-19 sou faktè kle ki tradisyònèlman asosye ak diferans salè ant sèks yo epi fè plizyè rekòmandasyon politik ki vize rezoud pwoblèm jeneralize a. Anons lan alien ak Jounen Egalite nan Salè a, 14 mas, ki endike konbyen tan nan ane a famm yo dwe travay pou yo resevwa salè gason te resevwa nan ane anvan an.

"Rapò sa a ofri yon apèsi enpòtan sou batay aktyèl New York pou egalite nan salè epi bay yon fèy de wout pou ede eta nou an konble diferans salè ant sèks yo yon fwa pou tout", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Yo toujou refize twòp fanm sou mache travay la pou yon travay egal, epi kòm premye fanm Gouvènè New York, mwen detèmine pou m fè bagay yo kòrèkteman. Administrasyon mwen an pran angajman totalman pou konble diferans salè ant sèks yo, espesyalman pou manman selibatè ak famm koulè yo ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl, paske pi bon kondisyon travay pou fanm vle di yon ekonomi ki pi solid, ki pi jis pou tout moun".

Konklizyon nan nouvo rapò a endike ke, alòske diferans salè ant sèks yo nan New York se dezyèm ki pi piti nan peyi Etazini, fanm nan New York te touche 88 santim pou chak dola gason te touche an 2021. Nan yon karyè 40 ane, diferans sa a t ap koute yon fanm 350,360 dola nan salè diminye pou tout lavi. Diferans lan menm pi gwo pou fanm koulè yo. Konpare ak blan yo, gason ki pa ispanik yo, fanm Nwa oswa Afwo-Ameriken touche ekivalan 68 santim pou chak dola, epi fanm Panyòl ak Latina touche 63 santim pou chak dola.

Rapò a jwenn tou ke pasaj nan aprantisaj adistans ak fèmti akòz pandemi etablisman gadri yo te ogmante enpak grav aksè nan gadri, ki depi lontan se yon gwo pwoblèm pou fanm k ap travay, sou diferans nan salè ant sèks. Avèk manman yo ki gen responsabilite swen, patisipasyon fòs travay pou fanm nan New York te bese soti 59.3 poustan rive 58.9 poustan ant 2019 ak 2021, pandan to chomaj la prèske double soti nan 4.2 poustan rive nan 8.2 poustan. An 2021, plis pase 405,000 fanm te nan chomaj, yon ogmantasyon enpòtan pa rapò ak 207,000 yo an 2019. Rapò a fè remake ke menm sòti tanporè nan mendèv la ka gen gwo enplikasyon finansye alontèm.

Travay adistans te ede kèk fanm ak fanmi yo avèk gadri, men se pa tout. Prèske de tyè nan mendèv esansyèl eta a te fòme ak fanm - prensipalman fanm koulè, kote travay adistans pa te yon opsyon pou yo.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare**, "Nan dènye ane yo, nou te fè pwogrè enpòtan nan konbat inegalite nan salè pou fanm nan Eta New York, malgre pandemi an te afekte fanm nan yon fason ki pa pwopòsyonèl, sitou manman selibatè ak minorite yo. Gouvènè Hochul kontinye yon defansè sou pwoblèm sa a epi mwen rekonesan pou patenarya li a pou asire pwogrè nan elimine diferans nan salè ant sèks yo".

**Komisè Depatman Dwa Moun Eta New York la, Maria Imperial, te deklare**, "Dwa fanm yo se dwa moun. Nou gen chans pou nou viv nan yon eta ki se non sèlman bèso mouvman dwa fanm yo, men tou ki te nan avangad nan batay pou egalite ak jistis pou tout moun. Divizyon Dwa Moun pral sèvi ak tout zouti ki disponib pou li pou l dekouvrir diskriminasyon kont fanm nan espas travay la epi kenbe anplwayè yo responsab".

Rapò a gen ladan plizyè rekòmandasyon politik pou baze sou efò Eta a pou gen pi gwo egalite nan salè. Kèk nan rekòmandasyon kle yo gen ladan:

- **Ogmante salè pou travayè ki gen salè ki ba yo**, tankou atravè pwopozisyon tankou endekse salè minimòm New York a enflasyon;
- **Elaji konje paran peye pou mendèv eta ki gen sendika ki reprezante yo**;
- **Ogmante sensibilizasyon sou Amannman Dwa Egal Eta New York la**, ki t ap ajoute nouvo pwoteksyon kont diskriminasyon nan Konstitisyon Eta New York la;
- **Amelyore koleksyon done nan tout eta a pou pi byen kaptire tandans travay yo epi ogmante transparans; epi**
- **Modènize modèl tès Depatman Sèvis Sivil la** nan ofri tout egzamen eta yo sou entènèt ak sou demann.

Depatman Travay la pral pran plizyè inisyativ tou pou sipòte objektif egalite nan salè:

- Siveye diferans salè ant sèks yo nan eta a epi afiche mizajou chak ane sou sant Diferans Salè ant Sèks Depatman an ki fèk kreye, sou entènèt;
- Edike anplwayè yo sou nouveau lwa sou transparans nan salè yo epi asire bon jan aplikasyon;
- Ogmane sansibilizasyon sou done ki disponib piblikman sou tit travay ak salè;
- Devlope ak lanse yon kanpay sansibiliizasyon konje patènite nan tout eta a;
- Priyorize pou konekte fanm yo ak opòtinite fòmasyon travay nan ekonomi vèt la nan kad Biwo Tranzisyon Enèji Jis yo pwopoze a; epi
- Devlope lòt resous pou biznis yo.

Rapò sa a baze sou angajman Gouvènè Hochul pou lite pou egalite fanm yo. Depi lè li te rantre an fonksyon, Gouvènè a te adopte [lejislasyon pyonye](#) pou pwoteje dwa repwodiksyon yo, te anonse [pi gwo envestisman](#) nan gadri nan istwa eta a, te adopte yon [lwa sou transparans nan salè nan tout eta a](#) pou mete fen nan diferans salè jeneralize pou fanm ak moun koulè yo, epi te siyen pwojè lwa esansyèl [pou rann otonòm sivivan vyolans seksyèl](#) ak [asèlman](#). Dènye pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou [ogmane salè minimòm nan chak ane](#) nan endekse li a enflasyon ap yon ankourajman pou 900,000 travayè, pifò ladan se fanm.

Eta New York te fè anpil pwogrè nan fè avanse egalite nan salè nan dènye ane yo, sa gen ladan adopsyon yon [Entèdiksyon sou Istorik Salè](#), ki entèdi tout anplwayè yo poze anplwaye potansyèl oswa aktyèl yo kesyon sou istorik salè ak konpansasyon yo. NYSDOL gen resous gratis tou pou ede tout moun k ap chèche travay, sa gen ladan yon [Gid Negosyasyon Salè](#) pou ede Nouyòkè yo pwofite kapasite salè yo.

Pou wè rapò "Diferans Salè ant Sèks yo nan Epòk Pandemi an" vizite [sant Diferans Salè ant Sèks](#) yo, ki pral mete ajou avèk resous pou biznis ak travayè yo.

###